

Kisa Boston Creates ye?

Boston se yon vil inovasyon, divèsite ak kolaborasyon. Yon vil kote kreyativite ap vanse. Nou wè sa nan chak katye ak nan chak kominote, epi li fè pati nan resous ki pi pisan yo. Boston Creates se yon efò k ap fèt nan nivo kominote a pou eksplwate kreyativite sa a, pou devlope yon vizyon komen epi pou planifye k ap ki pral gide devlopman boza ak kilti nan vil nou an nan dizan k ap vini yo.

Nan 15 mwa k ap vini yo, Boston Creates pral bay yon okazyon pou anpil kominote ak katye Boston chita ansanm pou kreye yon pwojè kiltirèl k ap endike pwèn fò Boston epi k ap detèmine nouvo objektif yo pou pivevan. N ap analize endistri kiltirèl dinamik nou ak metye nou, òganizasyon kiltirèl kominote a, ak atis yo apa, espas ak sant kiltirèl yo, eritaj kiltirèl la, festival yo ak evènman yo, istwa kominotè yo, listwa ak tradisyon yo.

Objektif ak Valè Kominote

Apèsi

Ekip Kominote a se baz pou vwa kominote a ki nesesè pou Boston Creates, pwogram Majistra a pou devlope yon plan kiltirèl pou Boston. Menmsi se yon pwogram Vil la, se yon plan pou kominote a epi y ap bay enfòmasyon sou li ak devlope li avèk angajman kominotè jeneral.

Gen 16 Ekip Kominote toupatou nan Vil Boston. Chak ekip ap gen ladan youn oswa de (2) Ko-Prezidan ak 8-18 manm ekip. Pwosesis angajman kominotè a pwograme depi mwa jwen 2015 jiska septanm 2015. Men kèk nan zòn ekip kominote a:

- | | |
|--------------------------------------------------------------------|---------------------------|
| 1. Allston/Brighton | 9. Hyde Park |
| 2. Back Bay/Beacon Hill | 10. Jamaica Plain |
| 3. Charlestown | 11. Mattapan |
| 4. Chinatown | 12. Roslindale |
| 5. Dorchester | 13. Roxbury |
| 6. Downtown/North End/West End/South Boston Waterfront/ Fort Point | 14. South Boston |
| 7. East Boston | 15. South End/Bay Village |
| 8. Fenway/Mission Hill/Longwood | 16. West Roxbury |

Rezime Pwosesis Planifikasyon Boston Creates

Mas-Me 2015	Jwen- Septanm 2015	Oktòb-Novanm 2015:	Desanm 2015 Fevriye 2016	Mas-Me 2016	Jwen 2016
Planifikasyon ak Preparasyon	Konsèvasyon Kominote	Entèpretasyon sa nou te tande	Vèsyon Pwovizwa Plan Kiltirèl	Fason pou Prezante Rezilta yo ba Kominote a	Plan Konplè

Kisa Konvèsasyon Kominote Boston Creates ye?

Ekip katye ki gen volontè alatèt yo ak jèn dirijan yo nan Boston pral òganize Konvèsasyon Vil la ak Konsèvasyon Do-Your-Own ki pwograme yo. Tout Konvèsasyon kominote a se dyalòg ki gen volontè alatèt yo konsènan boza ak kilti nan kominote a. Ti gwoup rezidan yo ap rankontre pou diskite sou boza ak kilti nan kominote ou. *Kisa moun yo ap fè kounye a? Ki kalite evènman atistik ak kiltirèl moun yo renmen ak apresye? Kisa moun yo vle wè pidevan pou kominote yo? Kijan demen ap sanble diferan avèk jodi a? Kisa priyorite yo ye? Kijan yon plan kiltirèl ap ede?*

Ekip planifikasyon an bay manm ekip yo enfòmasyon ak zouti yo bezwen ak tout materyèl reyinyon pou volontè òganizatè yo epitou pou patisipan yo.

Konvèsasyon sou Do-Your-Own!

Nou vle pou tout moun jwenn chans pou yo patisipe ak fè tande vwa yo nan Boston! Anpil moun pi alèz nan pwòp espas yo ak anviwònman yo epitou yo ban nou lide yo nan moman pa yo! Poutèt sa, n ap voye ba tout moun ki enterese fè yon konvèsasyon zouti yo bezwen epi yo kapab pran responsablite a! Konvèsasyon sa yo nan kominote a kapab fèt nenpòt kote – reyinyon asosyasyon biznis ak katye, rasanbleman nan legliz, evènman nan lekòl, evènman nan bibliyotèk, restoran, kafe, ba, nan salon yon moun, oswa nan lòt kote oswa reyinyon nou kwè ki apwopriye.

Volontè yo ap chwazi kote ki enpòtan pou kominote yo oswa rezo zanmi oswa asosye biznis yo, pou fè reyinyon kominotè a epitou pou yo bay remak pou ekip pwojè a. Ou kapab travay poukont ou oswa an ekip. Ou kapab rekòmande ki reyinyon ou panse ki pi bon pou kominote ou epi senpleman imèl nòt yo ban nou!

Kimoun ki konnen anpil nan sa yo k ap pase! Nou swete òganize plis pase 200 konvèsasyon!

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte nou nan: bostoncreates@boston.gov

